



Lavwa Transpòtasyon

Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten pou Zòn Iben Miami an

IVÈ 2009-10

MACHE AL LEKÒL VIN ALAMÒD ANKÒ

Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten Miami-Dade (MPO) ap pwogrese nan kolaborasyon li ak Distrik VI Depatman Transpòtasyon Florid (FDOT), Depatman Travo Piblik Konte Miami-Dade (PWD), ak Asanble Edikasyon Konte Miami-Dade (MDCSB) pou pwomouvwa Pwogram Chimen Lekòl an Sekirite a (SRTS). Pwogram lan garanti sekirite timoun kap fè wout yo apye pou al lekòl ak tounen lakay yo. PWD te etabli yon pwogram SRTS nan lèzane 1970, ki te vize sou aspè teknik yo ki idantifye ak amelyore wout pou pyeton yo ki pral nan lekòl elemantè. An 2003, yo relanse pwogram SRTS la sou patwonaj Manm MDCSB yo ak Vis Prezidan Asanble Gouvènan MPO a, Perla Tabares Hantman atravè Ekip Sekirite Sikilasyon Kominotè Asanble Edikasyon Piblik Miami-Dade (CTST) ak asistans finansman e asistans teknik MPO. Etid la enplike devlopman yon pwojè pilòt pou lekòl elemantè (gade sou paj 2). Lekòl ki te chwazi yo te baze sou kantite timoun ke machin te frappe pandan ke yo te swa apye swa sou bisiklèt, dapre sa ki endike sou rejis lapolis yo. Gwoup pèsònèl yo komanse asiste a dè

evennman pou ede edike ak ankouraje timoun yo, ki enkli timoun ki enfim yo, sou ki wout pou yo pran ki plis an sekirite.

Gen yon pwogram SRTS federal ki te kreye an 2004 ki fè pati SAFETEA-LU nasyonal la (An Sekirite, Responsab, Fleksib, Lwa sou Ekitabilite Transpò Efikas: Eritaj pou Itilizatè yo) lejislasyon pou finanse ni pwojè enfrastrikti yo ni pwojè ki pa enfrastrikti yo konsa pou ede ogmante kantite timoun ki fè wout apye an tout sekirite pou ale lekòl. PWD ak MDCSB pran ledevan pou devlope pwojè enfrastrikti yo tankou twotwa, siyal pyeton, siy pannkat, ak trase wout, pandanke lekòl medsin UM Miller School of Medicine limenm devlope yon pwogram edikatif "5E Model" (paj 3).

Epitou, MPO sòt komanse devlope yon sistèm katografik SRTS sou entènèt kap pèmèt nou idantifye wout ki pa gen anpil sikilasyon ak entèseksyon ki gen siyal yo pou kapab ede paran yo chwazi yon wout bò lakay yo ki plis an sekirite pou timoun yo fè pou ale lekòl. Sistèm lan va kapab reponn a kondisyon kap chanje yo epi founi enfòmasyon pou ankouraje pyeton yo fè wout yo an tout sekirite.

ÈSKE W KONNEN?

☞ Nan aksidan machin nan Miami-Dade chak ane ki gen moun mouri, 40 pousan ladan yo se pyeton machin frappe.

☞ Ant 20 - 30 pousan nan trafik blokis maten yo se paran kap Mennen timoun yo lekòl.

☞ Depi lane 2001, pwogram "WalkSafe" la te kontribye nan redwi a 40 pousan sou kantite timoun ki blese nan aksidan machin pandan yap mache pral lekòl.

☞ Nan epòk 40 an pase, mwatye nan timoun ki pral lekòl nan peyi isit te konn ale apye. Jodiya, mwenske 10 pousan timoun ki nan kindègadenn rive 10yèm gred fè wout lekòl yo apye, e mwenske 2 pousan ale an bisiklèt.

☞ Moun gen 65 pousan plis chans pou yo fè wout yo apye lè gen twotwa nan katye a.

☞ Pwogram Chimen Lekòl an Sekirite yo ka ogmante pousantaj moun ki mache oubyen ki fè wout yo sou bisiklèt a 20 jiska 200 pousan.

☞ Nou afiche andedan Metrorail ak Metrobus yo afich kap pwomouvwa sekirite pyeton, rezilta yon inisyativ Komisyone Konte ak Manm Asanble MPO Dorrin D. Rolle.

Ekip Sekirite Sikilasyon Kominotè (CTST)



Pwogram CTST a se yon apwoch de ekip entènstitisyon an pou redwi kantite blesi, ak kantite moun ki mouri akòz aksidan nan sikilasyon. CTST Asanble Edikasyon Piblik Konte Miami-Dade la sòti dirèkteman nan ekip CTST ki pou tout konte a kap travay sou kestyon trafik lekòl yo epi kowòdone pwogram Chimen Lekòl an Sekirite a. Manm yo enkli:

- Fondasyon Sitwayen Endepandan pou Transpòtasyon
- Komite Sitwayen Konsiltatif pou Transpòtasyon
- Kowòdinatè Bisiklèt Vil Miami
- Fakiltè Enjen Inivèsite Entènasyonal Florid
- Distrik VI Depatman Transpòtasyon Eta Florid
- Depatman Lapolis Konte Miami-Dade
- Asanble Edikasyon Piblik Konte Miami-Dade
- Depatman Travo Piblik Konte Miami-Dade
- Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten Miami-Dade
- Fakiltè medsin UM Miller School of Medicine, Pwogram "WalkSafe"

Nan mitan foto a: Perla Tabares Hantman, Manm Asanble Edikasyon Piblik Konte Miami-Dade ak Vis Prezidan Asanble Gouvènan MPO ansann ak CTST Asanble Edikasyon Piblik Konte Miami-Dade ak etidyan Miami Lakes Middle School yo



MODÈNIZASYON ENFRASTRIKTI

Amelyorasyon enfrastrikti se yon eleman kle pou Pwogram Chimen Lekòl An Sekirite a (SRTS) reyisi. Objektif la anfenkont, se pou devlope yon pwogram pou chak lekòl nan Distrik Lekòl Piblik Konte Miami-Dade la (MDCPS). Jiskadat, Asanble Edikasyon an sòt andose senkantrèf (59) lekòl pou rantrè nan Pwogram SRTS la, epi seleksyone karanteyen (41) lekòl pou jwenn finansman pliske \$6,2 milyon dola pou fè travo amelyorasyon enfrastrikti.



'Drivers Speed Feedback' yo kòm yon pwogram pilòt pou rediksyon vitès nan sèt (7) lekòl Hayskoul ak yon dotasyon ke Distrik VI Depatman Transpòtasyon Florid (FDOT) fè nan lekòl:

1. Coral Gables
2. John A. Ferguson
3. Felix Varela
4. Dr. Michael M. Krop
5. American
6. G. Holmes Braddock
7. Coral Reef

Twa (3) lòt hayskoul, sou demann MDCPS, va itilize aparèy sou tansyon solè ke yo te jwenn kòm dotasyon:

1. Hialeah Gardens
2. Booker T. Washington
3. Miami Carol City

Epitou, Flagler Elementary ak Eugenia B. Thomas K-8 va benefisye tou de ekipman ki pa sou tansyon ke yo te resevwa kòm dotasyon pou teste sèlman, ki va devlope Pwogram Pilòt la pou tout lekòl K-12 yo.

Aktyèlman, gen travo amelyorasyon kap fèt nan trèz (13) zòn lekòl pou twotwa, wout kote pou travèse, ak siyal pyeton. Pou rezon sekirite, nap enstale kliyotan lekòl yo sou tansyon solè, konsa nou va ekonomize kouran. Nou enstale siy

MIZAJOU SOU MAKETING

Nan angajman ke Distrik VI Depatman Transpòtasyon Florid (FDOT) pran ak Pwogram Chimen Lekòl An Sekirite a (SRTS), Pwogram "Walk Safe" University of Miami a va kreye yon kanpay Maketing Sosyal/Deprès ki vize a kreye yon chanjman nan nòm kiltirèl Konte Miami-Dade la. Inivèsite a va kolabore dirèkteman ak Kowòdinatè SRTS FDOT a pou pèmèt li kreye materyèl pou kanpay la.

Objektif yo pou kanpay la se va pou kreye chanjman sa a nan ogmante konesans pyeton yo sou koze sekirite epi favorize konsyantizasyon nan avantaj ki genyen lè timoun yo mache an tout sekirite pou ale ak sòti lekòl. Epitou, yon tèt chanjman va diminye kantite pyeton ke machin frape epi ogmante aktivite fizik.

Ap gen yon seri Anons Sèvis Piblik (PSA) kap difize sou estasyon televizyon lokal yo ki va favorize konsyantizasyon, jwenn sipò paran yo, ak edike timoun yo sou koze mache ale lekòl an sekirite. Yo va dirije telespektatè yo a yon ti sit entènèt ki chita andedan sit wèb televizyon lokal la ki va genyen ladan dè lyen epòtan, enfòmasyon sou sekirite pyeton, ak yon seksyon pou bay dizon. Itilizatè yo ka patisipe nan yon ankèt ki poze kesyon sou efikasite pwogram PSA ak sa yo panse de sekirite pyeton ak aktivite fizik nan koze mache ale lekòl.

Kanpay sa a va konplete ak ranfòse jefò aktyèl yo pou edike piblik la sou koze sekirite pyeton epi lap an vigè depi 2010 rive 2014.

JOUNEN MACHE MENN

13^{zyèm} Ane Nasyonal "Jounen Mache Menn" 2009 pou pwomouvwa edikasyon sou sekirite chak jou mache ale lekòl apye. Jounen nasyonal sou sekirite pyeton pami etidyan yo, konsyantizasyon a konpetans nan mache apye ak paran yo fè pou ale lekòl, epitou mache ak ak bon kondisyon fizik. Anplis, li ede anviwon lye a lekòl yo, epi ranfòse enpòtans nan rediksyon vitès zòn yo.



Foto agòch la kòmmanse sou bò gòch: Julia Robaina, M. Perla Tabares Hantman, manm Asanble Edikasyon Konte ak Alberto M. Carvalho, Sipèntandan Edikasyon Konte Lakes Elementary nan Evenman En

Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten Mizajou Pyeton (BPAC) te andose "Jounen Mache Menn" nan tout peyi a pa Kowalisyon Nasyonal "SA laj 14 an ki te blese oswa mouri an 2007 nan sa yo reprezante yon bès nan kantite moun ki



Elèv Irving and Beatrice Peskoe E Entènasyonal Jounen Mache

Mizapa mesaj enpòtan sou sekirite yo ke evènman yo ofri, li trè enpòtan tou pou wout yo an sekirite te patwone Pwogram Dotasyon Enfrastrikti finansman pou konstwi wout sou katye yo sou www.walktoschool-usa.org.

5-E PWOGRAM "WALKSAFE"

EN TIMOUN YO LEKÒL

En Timoun yo Lekòl" te fèt mèkredi 7 oktòb pou pyeton ak sansibilizasyon a etidyan yo ki se yon pwogram lan ogmante an sekirite, wout an sekirite pou etidyan yo kòm yon fòm egzèsis pou favorize bon sante anndan an nan redwi sou trafik ak polisyon ki nan vitès nan sikilasyon an ak respekte limit



Ministra Vil Hialeah ak Manm Asanble Gouvènman MPO, ak Miami-Dade ak Vis Prezidan Asanble Gouvènman MPO, ak Miami-Dade ap mache ak timoun yo sòt nan lekòl Twin Lakes Elementèyèl Mache Ale Lekòl 2009 la

Miami-Dade (MPO) ak Komite Konsiltatif Bisiklist Mennen Timoun yo Lekòl", ki te patwone "WALKSAFE KIDS". Dapre MPO, gen 166 timoun anba 10 ans ki aksidan pyeton nan Konte Miami-Dade. Chif sa yo blese an konparezon a 2006.



Elementary patisipe nan Evenman Mache Ale Lekòl "WalkSafe" 2009

Evenman Jounen Mache Apye Ale Lekòl la ap fèt pou timoun yo. Poutèt sa a, Ms. Hantman ak Chimen Lekòl An Sekirite (SRTS) a, ki bay konsèy ak an sekirite pou pyeton yo. Aprann plis

Pwogram "WalkSafe™" la baze sou yon Modèl '5E' ki enkòpore edikasyon, enjeni, aplikasyon (*enforcement*), evalyasyon, ak ankourajman.

Edikasyon – Volè edikatif la konpoze de yon pwogram detid twa jou pou anseye timoun K-5 gred yo nan klas yo. Timoun yo aprann enfòmasyon sa a chak ane an konjonksyon ak Jounen Entènasyonal Mache Ale Lekòl la. Pwogram "WalkSafe™" la montre yon ogmantasyon konsiderab nan konèsans timou lekòl elementè yo sou koze sekirite pyeton avèk èd twa modalite prensipal aprantisaj yo: odyo, vizyèl, ak motè. Operasyon sa a efekte atravè yon pwogram edikatif fòmèl, videyo, aktivite entèdisiplinè, atelye, aktivite similasyon ak pwojè atistik.



Enjeni – An kolaborasyon ak de òganizasyon tankou MPO Miami-Dade, Edikasyon Piblik Miami-Dade, ak Depatman Travo Piblik, WalkSafe™ kreye yon gwoup de travay ki ede kreye de anviwonman pi sekirite posib pou yon vi aktiv e sen. WalkSafe™ fasilite evalyasyon de sit kote machin te frappe timoun epi dokimante modifikasyon teknik/enjeni ki ka fèt pou prevni aksidan nan lavni. Rapò detaye sa yo te prezante nan reyinyon Ekip Sekirite Sikilasyon Kominotè (CTST) yo.

"Enforcement" (aplikasyon)

– Pwoteje timoun yo ozalantou zòn lekòl yo se sak gen plis enpòtan. Patenarya ak Depatman Polis ansanm ak de lòt òganizasyon pou ede asire ke kominote nou yo se de anviwonman san danje pou mennen yon vi aktiv e sen. Epitou, patenarya sa yo chèche fè plis moun konnen de aktive ranfòsman kap fèt andedan ak ozalantou zòn lekòl yo.



Evalyasyon - Evalyasyon se yon faktè kle nan tout pwogram pou atenn ak mentni yon nivo efikasite enpòtan. WalkSafe™ itilize divès kalite evalyasyon kòm zouti pou idantifye ak siveye pwoblèm sekirite ak sante pyeton yo. Done ki kolekte nan sondaj pwofesè yo ak paran yo, siveyans blesi, ak rechèch konpòtman se kèk nan zouti evalyasyon ke pwogram WalkSafe™ la itilize.

Ankourajman - WalkSafe™ ankouraje tout moun nan kominote yo ede defann sekirite timoun yo pou mennen yon vi aktiv e sen. Nan patisipe nan plizyè jefò sansibilizasyon, WalkSafe™ devni yon gwo patisipan nan edike ak ankouraje zòt patisipe nan pwomouvwa anviwonman ak konpòtman sen.

Ale sou www.walksafe.us pou aprann plis sou pwogram sa-a.

KALANDRIYE REYINYON MPO MIAMI-DADE YO

	DESANM 2009	JANVYE 2010	FEVRIYE 2010
MPO	17 desanm	28 janvyè*	18 fevriye*
TPC	07 desanm	11 janvyè*	08 fevriye*
TPTAC	02 desanm	06 janvyè*	03 fevriye*
CTAC	16 desanm	27 janvyè	24 fevriye
BPAC	16 desanm	27 janvyè	24 fevriye
TARC	02 desanm	06 janvyè	03 fevriye
FTAC	TBA	27 janvyè	24 fevriye
LCB	08 desanm	Pa Gen Reyinyon	Pa Gen Reyinyon

**Dat yo sijè a konfimasyon*

MPO	Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten
TPC	Konsèy Planifikasyon Transpòtasyon
TPTAC	Komite Konsiltativ Teknik sou Planifikasyon Transpòtasyon
CTAC	Komite Konsiltativ Sitwayen pou Transpòtasyon
BPAC	Komite Konsiltativ pou Bisiklèt Pyeton
TARC	Komite Revizyon Estetik pou Transpòtasyon
FTAC	Komite Konsiltativ pou Transpòtasyon Kago
LCB	Asanble Kowòdinasyon Lokal pou Transpò Sitwayen Dezavantaje

Asanble Gouvènàn MPO
Dennis C. Moss, Prezandan
Perla Tabares Hantman, Vis Prezandan

Bruno A. Barreiro
Steven C. Bateman
Matti Herrera Bower
Jose "Pepe" Diaz
Audrey M. Edmonson
Shirley M. Gibson
Carlos A. Gimenez
Maritza Gutierrez
Sally A. Heyman
Barbara J. Jordan
William H. Kerdyk
Joe A. Martinez
Andre D. Pierre
Julio Robaina
Dorrian D. Rolle
Marc D. Sarnoff
Natacha Seijas
Katy Sorenson
Rebeca Sosa
Sen. Javier D. Souto

**Manm Ki Pa Gen Dwa Vote
FDOT Distrik VI**

Gus Pego, P.E., Sekretè
Alice N. Bravo, P.E.

Direktè Sekretarya MPO

Jose-Luis Mesa, Ph.D.